

Sistèm edikasyon ann Ayiti se yon sistèm ki malad...depi nan konsepsyon li

Nedgine Paul Deroly

(Vèsyon pibliye ann angle, *BRIGHT Magazine* : <https://brighththemag.com/haitis-education-system-is-broken-by-design-children-poverty-equity-1b97982f8a>)

Depi m gen konesans, mwen sonje pifò moun panse sistèm edikasyon ann Ayiti se yon sistèm ki malad grav, ki san lè kaba epi k ap fè timoun yo plis tò pase l ap fè yo byen.

Sistèm edikasyon sa a bay ranman ki pi mal pami sistèm lekòl nan kontinan Amerik la. Prèske 80% pwofesè lekòl primè pa gen fòmasyon fòmèl. Gen plis pase mwaye elèv yo ki pa fin fè klas primè. Epi tou, se sèlman 1% ki rive nan nivo inivèsite. Done ki konsène salè pwofesè, metòd ansèyman, rezilta egzamen, finansman, elatriye, tout done sa yo bay tèt fè mal lè n ap kalkile lavni edikasyon ann Ayiti.

Men, èske sistèm edikasyon an se yon sistèm ki an pàn vre? E si se yon sistèm k ap bay ranman ke l sipoze bay la selon objektif moun ki kreye sistèm lan e k ap pwofite de li?

Sistèm edikasyon nou an se youn nan motè k ap fonksyone depi byen lontan pou l kore chapant inegalite sosyal ki egziste depi nan pase kolonyal nou. Depi n fouye nan istwa peyi nou, n ap rive konprann koz inegalite k ap depafini peyi a depi didantan. Wi, tou swit apre 1804, apre revolisyon ki te fè nou jwenn endepandans, premye konstitisyon peyi d Ayiti deklare edikasyon se yon dwa fondamantal pou tout Ayisyen. Men, pandan 2 syèk ki sot pase yo, edikasyon vin tounen yon chan batay pou konsyans nou, pou idantite nou e pou jèvrin nou kòm sitwayen ki konsekan.

Baryè ki bloke aksè nan sistèm edikasyon yon peyi, sa se youn nan mwayen ki pi efikas pou kontwole ki moun nan popilasyon an k ap ka reyisi. Lè yo kreye divizyon nan kominote nou yo, sa se youn nan pi bon fason pou yo bloke « men anpil, chay pa lou » sa a ki te nan nannan lidèchip ki te fè nou tounen premye repiblik nwa sou latè. Lè zansèt nou yo te kreye Repiblik d Ayiti an 1804, sa se te yon viktwa kont fòs enperyalis ki te gen pi gwo lame nan kòmansman 19èm syèk la. Se fòs enperyalis esklavajis sa yo ki te plante rasin inegalite sosyal ann Ayiti depi nan peryòd kolonyal la.

Se menm inegalite sosyal sa a k ap kontinye nan peyi a depi dè syèk. Sitiyasyon sa a se nan avantaj elit ekonomik la paske sa pèmèt yo ranmase pi plis richès sou do pèp la. Yo kontwole richès peyi a pandan nou kontinye bay tèt nou manti, pandan nou kontinye kwè li posib pou tout moun reyisi nan yon sistèm ki chaje ak inegalite sosyal. Pou ki nou pa mande tèt nou « Kouman fè lamizè ka travèse plizyè jenerasyon si, vreman vre, gen sistèm an plas k ap chache egalite? »

Malerezman, pifò moun ann Ayiti pa rive jwenn mwayen ki ta ka ede yo pete chenn mizè a—mwayen tankou bon jan edikasyon, kouran, yon minimòm swen medikal, dlo potab, lojman kòm sa dwa, elatriye. Men, gen prejije ki kontinye ap sikile kòm ki dirè popilasyon rural la se moun ki « parese », ki « pa pase lekòl » donk yo pa gen gou ase pou yo fè sa ki nesèsè pou yo soti nan lamizè.

Sistèm edikasyon peyi d Ayiti ap akonpli misyon ke yo te ba li depi nan konsepsyon li. Li anpeche kole zepòl pami popilasyon an epi li kraze solidarite. Sa pèmèt esplwatasyon mas pèp la pandan youn pa fè lòt konfyans. Sistèm edikasyon an se yon sistèm kote yo retire tout eleman ki te anrasinen nan sitwayènte n, nan fòs lojik nou, nan objektif nou kòm desandan zansèt sa yo ki te ban nou 1804. Yo menm retire edikasyon sivik nan kourikoulòm nasyonal la. Epi yo kite lekòl prive donnen tankou djondjon san yo pa jwenn okenn sipèvizyon nan men Ministè Edikasyon Nasyonal la (prèske 90% lekòl se lekòl prive yo ye).

Se poutèt sa an 2014 kolèg mwen yo avè m fonde *Anseye Pou Ayiti (APA)*. Nou travay ak kominote nan peyi a pou n kreye yon rezo lidè sivik e pou n bati yon sistèm edikasyon ki chita sou egalite, sou istwa peyi

nou an, sou valè moral ansanm ak yon vizyon kolektif. Nou rekrute anseyan lokal nan lekòl primè riral yo. Nou ba yo devlopman pwofesyonèl yo ki nesèsè pou bon jan anseyan ki ka fonksyone kòm lidè kominotè tou—yo tounen anseyan-lidè. Aktivite nan sal klas yo se yon modèl pou sa ki ka fèt nan kominote yo tou.

N ap fè kominote yo tounen motè pou pouvwa. Filozofi nou konsèwnan ansèyman ak aprantisaj nan sal klas bay kominote lokal yo lavwa. Se konsa tou lang kreyòl la se yon zouti fondamantal nan pedagoji nou. Nou ankouraje travay an gwoup nan tèt ansanm epi nou pwone konpreyansyon nan plas aprann pa kè an jako repèt. Se ak lojik sa a ke n deside retounen sou wout pou n aprann yon nouvo vèsyon istwa peyi nou.

Jan n di nan APA: Istwa nou se istwa jounen jodi a.

Tounen sou wout pou n aprann yon nouvo vèsyon istwa nou, sa vle di fòk nou mande tèt nou pou ki sa istwa d Ayiti sa a y ap anseye jounen jodi a se yon istwa ki iyore enfluyans Ayiti sou rès monn lan. Fòk nou tounen sou wout pou n aprann tout istwa nou pou n ka analize siksè mouvman popilè yo pyès pa pyès, e pou n fè konesans ak ewo tankou Claire Heureuse (Madan Dessalines) ki se yon pèsanaj twòp moun pa konnen. Olye pou leson istwa nou yo mete aksan sou sa ki pa t mache, nou anseye sa ki te byen fèt e ki gen dwa fèt ankò. An final, se kominote lokal yo ki gen pou kreye chanjman n ap chache a pou n rive bati peyi nou vle a. Se nan sal klas n ap enplemante aktivite APA yo ; men, se nan kominote yo chanjman yo ap fèt.

Nou pa fè menm jan ak anpil inisyativ k ap travay sou edikasyon nan peyi a : nou menm, nou pa vize yon rezilta rapid rapid sou gwo echèl. Nou prefere chache patenarya ki gen nanm e ki byen chita nan kominote kote n ap travay yo. Nou analize patenarya yo, nou mezire enpak nou selon jèvrin relasyon nou yo ak kominote a olye pou n konte kantite relasyon sa yo.

Pou n rebati kominote nou yo, li nesèsè pou nou kalkile ki sa n ap bezwen pou n kreye egalite ak jistis nan sistèm edikasyon an. Enpak ki gen nanm mande pou n soti an ba bòt dominasyon. Enpak ki gen nanm mande pou youn ka fè lòt konfyans. Enpak ki gen nanm mande pou n gen volonte pou n plante bon semans, bon rasin ki ka kreye chanjman dirab pou n bati yon sistèm edikasyon ki baze sou egalite e ki an ba kontwòl kominote a. Patenarya ki gen nanm fè APA tounen yon òganizasyon ki ka travay men nan men ak sila yo ki soufri enjistis n ap chache elimine a. Epi se menm yo menm ki soufri enjistis k ap dirije konba pou elimine enjistis sa a.

N ap kontinye priyore patenarya ki gen nanm devan yon kwasans ki laj, menm si gen dè moman nou santi metòd nou an pa fin twò popilè. Nou mande tèt nou: Kouman pou n demontre ke n fè sa kominote a bezwen? Kilès ki sou volan epi kilès ki gen lavwa o chapit nan sa k ap fèt nan lekòl timoun yo? Èske sa n ap fè a ap dirab nan yon nivo lokal tout bon vre? Ki sa ki ka demontre ke n rive fòme pwofesyonèl k ap ka ranplase nou tout bon vre? Kon sa pou pa gen nesèsite pou okenn ONG pran kontwòl pou ede kominote a reyalize rèv yo? Èske nou toujou ap travay pou n laji enpak ki pozitif pou kominote a olye pou n laji chif sou papye?

Jounen jodi a, APA ap demontre sa ki posib. Nou fè patenarya ak 65 lekòl nan 5 kominote. Nan lekòl sa yo, anseyan-lidè nou yo rive demontre nivo konpreyansyon ki depase 85%—yon chif ki preske twa fwa pi wo pase mwayèn nivo lekòl riral nan peyi a.

Nou fèt pou n rekonèt ki jan istwa nou parèt nan lavi nou jodi a, menm nan jan sistèm edikasyon nou an ap fonksyone. Se pou n sispann kore sistèm k ap vyole dwa timoun yo. Fòk nou goumen kont fòs sa yo k ap ranfòse inegalite an pèmanans nan peyi a. Fòk nou kreye yon lòt sistèm edikasyon ki ka sèvi dwa fondamantal timoun yo, ki ka ede yo jwenn bon jan edikasyon kòm sa dwa.